ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№ 157 (22.565) • 2013 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 15, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къаноку Арсен Кавказ Ищхъэрэм я щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2013» зэхьхьэшхуэм хэтхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

Ныбжьэгъу льапІэхэ!

Кавказ Ищхъэрэм я щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2013» зэхьхьэшхуэм хэт псоми си гуапэу сэлам фызох.

ЗэкІэлъхьажьу ильэсипл1 льандэрэ, хабзэ хьуауэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэмрэ ди къэралым и адрей щІыналъхьэмрэ ящыщу жэрдэмрэ зэфІэкІрэ зыхэль щІалэгъуалэм Псыхуабэ кьалэр тхьэмахуитІкІэ я зэхуэсыпІэ мэхъу. «Мэшыкъуэр» зыхуэбгъэдэн щымыІэ еджапІэщ икІи абы зэкъуегъэувэ кьызыхэкІа льэпкьымрэ зэрыт динымкІэ, дзыхьэх Іуэхуэхэмрэ зыхуищІэкъуэхэмкІэ зэхуэмыдэ щІалэрэ хьыджэбзу минхэр. Мы зэхьхьэр зыфІэгъэщІэгъуэнхэр гъэ кьэх нэхьыбэ мэхъу. Абы и щыхьэтщ зэІуищІэм хэтыпнухэм я бжыгъэр цІыху мини 3-м зэрырнэсар.

Мы зэхьхьэм фэ унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ проектхэр экспертхэм я пащхьэ кьыщифІхьхьнущ, фи гупсысэхэр пхьшвгъэкІыфу зыщвгъэсэнущ, нэхъыщхьэ дыдэр арацш, щІэуэныбжьэгъу куэд щывгъэтынущ. Си гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу мыбы кьрихьэлІэхэр гъэ кьэх нэхьыбэ зэрыхьур. Абыхэм ящыщ куэдым кьахь грантхэмкІэ еныхэм я проектхэр хъарзынэу ягъэзащІ. Мы зэхьхьэр икъукІэ сэбэпышхуэ мэхъу щІалэгъуалэм я мурадхэр пхыгъэкІыным и мызакъуэу, ауэ мамыру зэдэпсэунымкІи. Абы папщІэ зэІущІэм кьоКІуалІэ республикэ псоми я лЫкІуэхэр. Мы гъэм «Мэшыкъуэм» хэтынущ нэгъуэщІ къэралхэм щыщхэри.

Иджыпсту ди къэралым и унафэщІхэр йогугъу щІалэгъуалэм и зэфІэкІкІэ щхьэкІэмрэ я Іэнатіэ псори. Дызэрагъэсэбэныфын Іэмалхэр зэтегъэуэвэн. Властым и органхэм я кьалэн нэхьыщхьэ дыдэу кьызольытэ щІэныгъэ нэс зэгъэгъуэтынымкІэ Іэмалхэр зэтегъэувэныр, зэфІэкІ хэха зыбгъэдэль щІалэгъуалэм защІэкъуэныр, щІэблэр хэкум хуэпэжу гъэсэныр, абыхэм лэжьапІэ ІэнатІэхэр кьахъуэгъэпэщыныр. Фи фІэщ фщІы, фэ кьыхэфлъхьэ Іуэхуфі псори вдэтІныгъыну дыззрыхьэзырыр.

Ныбжьэгъуэх, иджыпсту фэ фитщ Іэщ1агъэ фхуэхъуным фыщегупсыс, фи гъащІэ гъуэгур щывбзыху ныбжьым. Фэ, XXI лЭщІыгъуэм и щІэблэр, фыщІпсэуну, фыщылэжьэну зэманыр хьлэмэтщ. Къралым кьыщагъэщІэрэщІэж жылагъуэ зэхуэщытыкІэхэмрэ къэралхэм я ІэнатІэ псори. Дызэрыщыгъуаззщи, щІалэгъуалэрщ щІэуэ щыІэр нэхъ псынщІэу къэзыпхъуаз-гъэр. Фэращ Урысей къэралыгъуэщІэр зыуэхуэну кьызыпэщытыр. Абы кьыхэкІыу фэращ зэлъытар абы дуней псом щиІыгъыну увыпІэр.

Сытым дежи фІыр фи гъуаззу фыщыт, щІэныгъэ зэвгъэгъуэт, фи пІэлъапІэхэм зевгъэубгъу, фытегущыу, мистІанэ псори кьывзхъулІэнущ. Дэ ди щІалэгъуалэм фІэщхъуныгъэ яхуди Іэщ, абы кьыхэкІыу ди Хэкум и къэкІуэнур зэрыгъуэзэджэр ди фІэщ мэхъу.

Фэ фщыщ дэтхэнэми мы зэхьхьэм и зэфІэкІ псори кьыщигъэльэгъуэну, фи Іуэху дэкІыну сыныбохъуэхъу.

Иджыпсту ди къэралым и унафэщІхэр йогугъу щІалэгъуалэм и зэфІэкІыр кьызыхэкІа льэпкьымрэ зэрыт динымкІэ, дзыхьэх Іуэхуэхэмрэ зыхуищІэкъуэхэмкІэ зэхуэмыдэ щІалэрэ хьыджэбзу минхэр. Мы зэхьхьэр зыфІэгъэщІэгъуэнхэр гъэ кьэх нэхьыбэ мэхъу. Абы и щыхьэтщ зэІущІэм хэтынухэм я бжыгъэр цІыху мини 3-м зэрырнэсар.

Мы зэхьхьэм фэ унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ проектхэр экспертхэм я пащхьэ кьыщифІхьхьнущ, фи гупсысэхэр пхьшвгъэкІыфу зыщвгъэсэнущ, нэхъыщхьэ дыдэр арацш, щІэуэныбжьэгъу куэд щывгъэтынущ. Си гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу мыбы кьрихьэлІэхэр гъэ кьэх нэхьыбэ зэрыхьур. Абыхэм ящыщ куэдым кьахь грантхэмкІэ еныхэм я проектхэр хъарзынэу ягъэзащІ. Мы зэхьхьэр икъукІэ сэбэпышхуэ мэхъу щІалэгъуалэм я мурадхэр пхыгъэкІыным и мызакъуэу, ауэ мамыру зэдэпсэунымкІи. Абы папщІэ зэІущІэм кьоКІуалІэ республикэ псоми я лЫкІуэхэр. Мы гъэм «Мэшыкъуэм» хэтынущ нэгъуэщІ къэралхэм щыщхэри.

Іуащхьэмахуэ щхьэкІэ Іэ Іэт» Іуэху дахэр Іэтауэ щрагъэкІуэкІащ Шэджэм районми. ЩэнхабзэмкІэ унэм и гулэ кьит утым цІыху 300-м щІигъу щызэхуэсат Европэм щынэхъ льагэ дыдэ бгым папщІэ Іэ яІэтыну, районым щыпсэухэм иджыри зэ я ягу кьагъэкІыжу ди насып Іуащхьэр итэкІэ ягъэкІуэтэну.

«ТІэкІу зыдгъэгувами, иджыри Іэмал диІэщ ди жьыджэрагьыр кьэдгъэсэбэпу Іуащхьэмахуэ хуэфащэ увыпІэ зэхьхьэхуэм кьыщедгъэхьыну», - жиІащ Шэджэм район администрацэм ЩЫпІэ самоуправленэмкІэ и советым и Іэтащхьэ Уэдыжь Хьэсанш.

Іэ Іэтым теухуа хьыбархэр зэрыт, СМС зэрыптхыну щыкІэхэр кьыщигъэльэгъуа тхьылымпІэ напэ щыкІуэхэр а махуэм ягъэшащ «Урысей зэкъуэтэ» политикэ партым и щІыпІэ кьудамэм и щІалэгъуалэ гупым. Я хэкум, льаехм хуаІэ льаГъуныгъэр кьагъэльэгъуэну Іэмал ираташ асфальтым сурэт тещІыхьынымкІэ зэпеуэм хэта щыкІуэхэми. Абыхэм ябгъэдэль зэфІэкІыр нэхъыбэу наІуэ зэращІар, даун, Іуащхьэмахуэ и тепльэмкІэш.

Щэнхабзэмкі э унэм зыщызыгъасэ артист ныбжьыщІэхэр зыхэта концертри гъэщІэгъуэн хъуат, кьызэхуэсахэми я гукъыдэжьыр гъунэнщэт.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Бгыщхьэ льагэр Іуащхьэмахуэщ, щІэгъэкъуэни ар хуэмей

Белэ Речкэ поселкэм и Цемент завод хьэблэ щы-кІуэ узышэ «Налшык-Цемзавод» ыкІи ІуфІэгъуэ нэрылъагъуэ йофакІуэ.

ЦІЫХУХЭР зыгъэпейтей гъэтІылъыпІэ зимыІэ Іуэхугъуэхэр нэхъ жыдкэрэ зэфІэхьи зэрыхуейм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Къаноку Арсен ищІа пщэрылъхэр игъэзащІэу, ТранспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министерствэм къэрал зэгурыІуэныгъэ зэрищІыпІа МДСУ №2 генподряд организацэм зэраубзыхуам ткІийуэ тету лэжьыгъэр кьызэрегъэпэщ.

Мы гъэмахуэм ухуакІуэхэм Іуэхущхъэ зэфІагъэкІащ икІи егупчуу зэрагъэпэщыжа а гъуэгур хьэблэ цІыкІум щыпсэухэмрэ Белэ Речкэ кьуажэщхьэм пекІуэкІ маршрут №25-м тет шоферхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къралыгъуэм и махуэм - фокІадэм и 1-м - ирихьэлІэу тыгъэ хуащІыну траухуащ. Накьыгъэ мазэм щІадзэри, щыщхьэуІум ирихьэлІэу гъуэгу километри 4,5-м асфальт-бетон зэхэльыр щІэрыщІэу тралъхьащ.

Лэжьыгъэ псори министерствэм и нэІэм щІэту ираГъэкІуэкІ. Гъуэгум и льабжьэр зэрызэхуагъакІуэ мывэ зэтеудамрэ асфальт-бетон зэхэльымрэ я фІагъыр зыхуэфащэ тхьылъкІэ щІэгъэбыдащ.

КъищынэмыщІауэ, Белэ Речкэ кьуажэм Биттировым и цІэкІэ щыІэ уэрамым и льэс гъуэгуэхэри дэдэхьыпІэхэри зыхуей хуагъазэ. Кьахуэнэжар зэпрыкІыпІэхэр гъэбелджылыныжрэ гъуэгу дамыгъащІэхэр гъэувыныжрэ.

«Налшык-Цемзавод» гъуэгур фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу гуфІэгъуэ щытыкІэм иту кьызэІуахынущ.

КЪУМЫКЪУ Мадинэ.

●Гъуэгухэр

Къэралыгъуэм и махуэм деж

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэш нэхъыбэ кьыщызылъэжьыр Дзэпыкъуэ районыщ. Республикэм Статистикэмкі э и къэрал Іуэхущ1апІэм кьыззэритамкІэ, мы гъэм и яп э мазихым куэйм и хозяйствэхэм тонн мин 36-рэ кьыщащащ. Ар псори зэхэту республикэм кьыщалэжьым и процент 18-м щІегъу. Тонн мин 30,4-рэ тонн мин 21,4-рэ кьыщаша Бахъсэн, Щэджэм районхэр абы кІэлъокІуэ.

БЫЛЫМЫЛЫМРЭ джэдкъазылымкІэ прохладнэдэсхэр бжьыпэм щытыц. Щіышыла - мэкъуауэгъуэ мазэхэм кьривбыдэу тонн мини 10,6-рэ е республикэм кьыщалэжьым и процент 27-м нэблагъэ Іыхьлі эм иритащ. Аруан, Бахъсэн районхэм кьыкІэкІэ дыгъуасэ полицэм Іэщи, нэпс кьыщІэзыху гази, техникэ лъэщи кьиГэсэбэпащ. Я нэхъ мащІэрамэ, абы цІыху 15 зэкІуэдауэ жаІэ.

ЩЫЛЫМЫЛЫМРЭ ящыщ республикэм кьаращэу е ирашу адэркъым, полицэ-ветеринар пост 12 нэлажьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьихьэпІэ-кІыпІэхэм дезинфекцэ щащІ щІыпІэхэр кьыщызэІуахащ. Карантиныр щыІуахьыжнур Іуей узыфэр зыпкърыта нужьрей Іэщыр зэрыхьужрэ махуэ 21-рэ дэкІа нэужькІэщ.

НЭХУЩ Санэ.

●АПК

Гъэшу тонн мин 200-м, лыуэ тонн мин 40-м нэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэхэм гъэшу тонн мин 200-м, былымыпрэ джэдкъазылу тонн мин 40-м нэблагъэ мазихым кьалэжьащ.

Псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэхэм гъэшу тонн мин 200-м, былымыпрэ джэдкъазылу тонн мин 40-м нэблагъэ мазихым кьалэжьащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

●Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Сом мелуан 40 и уасэ

КъБР-м Щ1ыуэпсым и хьуГъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и нэІэ тету, ухуакІуэ организацэхэм псы нэпкьхэр яГъэбыдэ, псыдзэ зэблэкІыпІэхэр, жапІэхэр зэхуэгъакІуэ.

СОМ мелуани 2-рэ мин 755-рэ хухахри, Джулат кьуажэм и Іэшэльашэм Малэ-Къэбэрдей кІэнаучэм и гидроухэзыныгъэ нэхъыщхьэр щыз эрагъэпэщыжащ. Бахъсэн-Балькъ кІэнаучэм и гидроухэзыныгъэ нэхъыщхьэри зыхуей хуагъэзащ. А Іуэхум сом мелуани 7-рэ мин 46-рэ халхьащ. Щэрэдж псым и «Къэхьун кІэнаучэм» псыдзэм зэрыпэщІэт Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІащ.

Псори зэхэту мы гъэм сом мелуан 40-м нэблагъэ и уасэ лэжьыгъэ зэфІагъэкІащ.

ЧЭРТЫ Ольгэ.

Сымаджэ яхэтыжкъым

Іэщым хуэтъэ Іуей узыфэр (ящур) Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1эрыщІэу къыщахутакъым. Сымаджэ хьуауэ щыта быдымри 10,5-м ар япкърытыжкъым, узыр кьаззэрыхьхьэ льапндзрэ кІэрыху гуэрри щыІакъым.

АРАМИ, мазэ кІуам и 8-м КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ, зэрагъэувам тету, сакьыныбгъэм теухуа Іуэхугъуэхэр яГъэзащІэ. Псэущхьэ лІэужьыгъуэхэм ящыщ республикэм кьращэу е ирашу адэркъым, полицэ-ветеринар пост 12 нэлажьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьихьэпІэ-кІыпІэхэм дезинфекцэ щащІ щІыпІэхэр кьыщызэІуахащ. Карантиныр щыІуахьыжнур Іуей узыфэр зыпкърыта нужьрей Іэщыр зэрыхьужрэ махуэ 21-рэ дэкІа нэужькІэщ.

НЭХУЩ Санэ.

Нэхъри зэщІоплъэ

УФ-м и консульствэу Каир щыІэм и лажьыгъэр зэпигъэун хуей хуэщІ а кьалэм кьыщыхъуэжа я зэранкІэ.

ДЫззрыщыгъуаззщи, мазэм щІигъуауэ зэпэщІэтщ полицэмрэ трахуа предприятэ Мурси Мухэммэд кьыдощІхэмрэ. Къэрал Іуэхущ1апІэхэм кьызэратымкІэ, а зэманым кьрибыдэу цІыху щитІ щыхэкІуэдащ абы. Я президентыр зэрыгъэгъэкІамкІэ мыарэзыхэм пэкІухэр ирагъэкІуэкІ, уеблэмэ я унэхэм емыкІуэлэжу уэрамхэм дэсщ, я пщэфІапІи сымаджэщи адедеж дыдам кьыщызэрагъэпэщауэ.

Кьалащьхьэм и ут нэхъыщхьэхэм жэщи махуи щызэхэт цІыху минхэр зэбграхун щхьэкІэ дыгъуасэ полицэм Іэщи, нэпс кьыщІэзыху гази, техникэ лъэщи кьиГэсэбэпащ. Я нэхъ мащІэрамэ, абы цІыху 15 зэкІуэдауэ жаІэ.

«Синдуракшак» кхъухьыр щІилъэфащ

Индием зыхъумэжныгъэкІэ и министр Энтони Куриен Аракапарамбил дыгъуасэ журналистхэм кьаззрыжриІамкІэ, «Синдуракшак» псыщІагъэрыкІуэ кхъухьыр щІилъэфащ.

Мулбаи къалэм и кхъухь тедзапІэм тету абы и кІуэцІым мафІэс къыщыхъуащ, ар яхуэмыгъэункІыфІу, торпедохэмрэ ракетэхэмрэ къэуащ, ижькІэ кхъухьыр щІилъэфащ. ЗэкІэ кьызэратамкІэ, абы иса цІыху 18-рэ хэкІуэдащ.

«Синдуракшак» кхъухьыр щдащІари Урысейращ, абы и лэжьакІэм кІэлъыплъари ди къэралым щыщ Іэщ1агъэлІхэрщ, ауэ езы кхъухьым ди цІыху зыри исакъым.

Иджы президент къулыкъум зыхуегъэпс

Боксёр цІэрыІуэ, Украинэм и «Удар» партым и Іэтащхьэ Кличко Виталий и мурадщ 2015 гъэм а къэралым щекІуэкІыну президент хэхьныгъэхэм и кандидатурэр кьыщигъэльэгъуэну.

Дунейпсо боксёр советым и президент Сулейман Хосе щыІущІам Кличко кьыхигъащ политикэм кьыхэкІыжьын мурад зэримыІэр, уеблэмэ и къэралым и президент къулыкъум щІэбэныну зэрыхуейр. Спортыр политикэми сэбэп кьызэрыщыщхьэри жиІащ Виталий. «Абы кьалэн гугъуэхэр зэфІэхьыфу, ипэкІэ уплъэфу, цІыхухэм уадэлэжьэфу уегъасэ, апхуэдизу зэщІэкъуауэ ущытынкІэ, пэжыгъэ пэплъынкІэ щІыпІэ зиІэ и лэжьакІуэ ІэмалынкІэ зэрыщыгъэр зыхыуеГъащІэ», - жиІащ абы.

НОБЭ

♦Тыва Республикэм и мазкуэ

♦Индие Республикэм и льэпкь махуэшхуэц - щхьэхуит зэрыхьуар (1947 гъэм) егъэльапІэ.

♦Корее Республикэм и льэпкь махуэшхуэц - КъэщІэрэщІэжьынымгъэм и махуэщ.

♦Мы гъэм и мэлыжьыхьым и 21-м Парагвай Республикэм и президенту хаха Орасио Мануэль Картес Хара и къулыкъум пэроувэ.

♦ 1945 гъэм маршал Жуков Георгий «ТекІуэнигъэ» орденыр етІуанэу иратащ.

♦Адыгей усакІуэ Теувэж Дзыгъуэ кьызэралъхурэ илъэси 158-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, «Псей цІыкІу мэзышхуэм кьыщыкІащ» усэ цІэрыІуэр зытха **Къудац Расиэ** (1878 - 1928) кьызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, полковник **КІыщокъуэ Рашид** кьызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ1, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыпІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Щхьэщ Владимир** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыпІэ зиІэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ1-график **Горлов Михаил** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Хьэрычтыщ1э, Москва щылажьэ «Чесико» фирмэм и унафэщІ **Шэрджэс Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жащщым градус 19 - 21 -рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэр хэкІуэдахэм я унагъуэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуогузавэ

Нобэрей махуэр хьыбар гуаузкІэ едгъэжьащ - гъуэгум кьыщыхъуа нэщІэбжьэм хэкІуэдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІэкІэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі э и Советым хэт Къэжэр Альберт Хьэту и къуэмэр абы и шоферымрэ.

Апхуэдэ гуауэр Іэтыгъуейщ, ар нэхъри кьыпрегъэхьэлъэ зи къару ильагъуэ цІыхур зыми щымыщу зэрыхэкІуэдам. Альберт апхуэдэ цІыхут, емызэщу, пэжыгъэм и гур етауэ - щалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр фІыуэ ильагъурт, абы и Іуэхур дэгъэкІыным зэфІэкІыу иІэр ехьэлІауэ телажьэрт, и льэпкъэгъуэм, ахэр дэнэ щыпІэ щыІэми, я гугъуехьхэр зэращъэщиІэтыкІыным хущІэкъурт.

Сэ фІыуэ кьызгуроІуэ иджьпсту абы и унагъуэм, и льхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ я гум щыщІэр икІи, зэгурыІуэгъуэщи, абыхэм защІэзэгъэхуэну, сыт хуэдэ льэныкъуэкІи садэІэпыкъуну сыхьэзырщ. Си гум кьыбгъэдэкІыу абыхэм сахуогузавэ.

Къэжэр Альберт дэ дигу кьинэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжу.

Гуэзвэгъуэр ялъэІэсащ сенаторым и шофер Жькъуэ Хьэсэнбий Къэралбий и къуэм и унагъуэми. Игъуджэу кІуэда щІалэм и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ дахуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм шыщхьэуІум и 14-м *№102-РГ*

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі э и Советым хэт Къэжэр Альберт Хьэту и къуэр гуузу зэрыхэкІуэдам кьыхэкІыу ар щІэлъхьэнымкІэ комиссэ кьызэгъэпэщын мы кьыкІэльыкІуэхэр хэту:

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр *(комиссэм и унафэщІи)*

Къуэдокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр *(комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІыр

Бозий Н. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и кьуэдзэр

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэр

Зумакулов Б. М. - ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэр зезыгъакІуэр

Къарэмырз Б. М. - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорыр

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Кебеков В. С. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр

Несутулов В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экологиемрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныжмкІэ и комитетым и унафэщІыр

Рахаев А. И. - «Гъуэзджэмкі э Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щІыныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорыр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Щэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныбмэ курортхэмкІэ и министрыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Дунейм ехыжар нобэ, шыщхьэуІум и 15-м, Лэскэн районым щыщ Анзорей къуажэм щыщІалъхьэ.

Фэтэр куэд хъу унэхэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Налшык къалэ округым и администрацэм фэтэр куэд хъу унэхэм щыпсэухэм хьыбар ярегъащІэ предприятэхэмрэ организацэхэмрэ бжьыхьэ - щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзырынымкІэ штабым и унафэкІэ унэхэр кьызэрагъэхуабэ бжьамийхэм 2013 гъэм фокІадэм и 1-м щегъэжьауэ псыр зэрырагъэхьуэнымкІэ. Абы кьыхэкІыу фэтэрхэм щІэсхэм дольэІу пэшхэр кьызэрагъэхуабэ Іэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжынымкІэ и пІальэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну.

Іуащхьэмахуэ щхьэкІэ Іэ Іэт» Іуэху дахэр Іэтауэ щрагъэкІуэкІащ Шэджэм районми. Щэнхабзэмкі э унэм и гулэ кьит утым цІыху 300-м щІигъу щызэхуэсат Европэм щынэхъ льагэ дыдэ бгым папщІэ Іэ яІэтыну, районым щыпсэухэм иджыри зэ я ягу кьагъэкІыжу ди насып Іуащхьэр итэкІэ ягъэкІуэтэну.

«ТІэкІу зыдгъэгувами, иджыри Іэмал диІэщ ди жьыджэрагьыр кьэдгъэсэбэпу Іуащхьэмахуэ хуэфащэ увыпІэ зэхьхьэхуэм кьыщедгъэхьыну», - жиІащ Шэджэм район администрацэм ЩЫпІэ самоуправленэмкІэ и советым и Іэтащхьэ Уэдыжь Хьэсанш.

Іэ Іэтым теухуа хьыбархэр зэрыт, СМС зэрыптхыну щыкІэхэр кьыщигъэльэгъуа тхьылымпІэ напэ щыкІуэхэр а махуэм ягъэшащ «Урысей зэкъуэтэ» политикэ партым и щІыпІэ кьудамэм и щІалэгъуалэ гупым. Я хэкум, льаехм хуаІэ льаГъуныгъэр кьагъэльэгъуэну Іэмал ираташ асфальтым сурэт тещІыхьынымкІэ зэпеуэм хэта щыкІуэхэми. Абыхэм ябгъэдэль зэфІэкІыр нэхъыбэу наІуэ зэращІар, даун, Іуащхьэмахуэ и тепльэмкІэш.

Щэнхабзэмкі э унэм зыщызыгъасэ артист ныбжьыщІэхэр зыхэта концертри гъэщІэгъуэн хъуат, кьызэхуэсахэми я гукъыдэжьыр гъунэнщэт.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Лъэпкъ Іуащ1ъэ:

Илъэскі э щ1ысар п1астэпсым пэплъэжакъым.

● Пресс-конференцхэр

Іэмалыщ Іэхэм я фІыгъэкІэ

«Урысейм и Хъуманіэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий ирагъэлІэжьа пресс-конференцым мы гъэм и апэ мазищым зэфІагъэкІахэр щызэхэщхьэжащ.

АБЫ кьыззригъэлъэмкІэ, бизнесым и зыужьыкІэм ельытауэ, илъэс ныкъуэр я Іуэхущ Іапэм хуэІеякъым. Къэпщтэгъэ, Іуэхуитіу нэхъыщІыкІэхэмкІэ къапщтэр процентэ 113-кІэ ягъэхэщащ. Розницэ кредиту сом мелярди 10,5-рэ итащ, щыхуэхэм банкым хатхъэр сом мелард 15-м нэсащ.

Банк кредиту къагъэсэбэпым хэгъэхъуэным, щыпІэ пхыдахэм я Іуэхутхэбзэхэм зыщегъэужьыным къудамэм гулытэ хэха хуищІащ. Куэдым яфІэкъабыл «Автоплатеж» Іуэхутхэбзэр щыху мин 65-м щигъуэ, «Сбербанк Онлайн» Іэмалыр щыху мин 2,5-м къагъэсэбэп. ХъуманІэ банк Онлайн Іэмалымкіэ хуащІэ Іуэхутхэбзэ лІэужьыгъуэхэм хагъэхъуащ; абыхэмкІэ счетхэр кьыззІуахьыну, дыщэкІэхэр, хамэ кьэрал ахъшэхэр зыхуэхуну, платежхэр хатхъэну, ахъшэр зэІэпахыну, ГИБДД-м щыхуатх щыхуэзыгъэнэну. Штрих-код Іэмалымкіэ налогхэр кьызэрыхахыт технологием иджыблагъэ зэрыхуэкІуар хэкІыпІэфІщ. Абы папщІэ налог квитанцым и штрих-кодыр сканер хэха зиІэ Іэмэпсымэм ирахьэлІэн хуеІуэ арихьудеІакІэ. Ятыр зыхуэзнэзри, езы щІихуэхэм теухуа хъыбар псори занщІэу зэпебж. Хуей щыхъукІэ, ахъшэ бжыгъэр екъуэж. Абы зэманшхуэ яхьаудегъахуэ.

Иджыпсту республикэм щыпІалъэ къудамэм и банкомату 140-рэ, и щыхагъэгъуазэ щыпІэу 120-рэ щоладжь.

ПІалъэ кІыхькІэ щыхуэзу ятми хэхъуащ: республикэм и экономикэм сом мелард 15,9-рэ хатхъащ, абы и нэхъыбэр Іэнатіэщ Іуэхуитіу, егъэфІэкІуэным хуэхахащ. Къапщтэмэ, щыпІалъэ къудамэр я щІэгъэкъуэну, зэкъуэмэ, ерыскъым щелэжь, ухуэныгъэ Іэнатіэхэм проект инхэр щагъэзащІэ, псэупІэ, Іуэхузехьэпіэ, сату-нэгузегъэужьыпІэ комплексхэр яухуэ.

Кавказ Ищхьэрэ щыпалъэм зэрызыужьыну Стратегием хлыхьэу, къэрал щэсыпІэ зиІэ зэгурыІуэныгъэ егъэзащІэ. Апхуэдэущ бжыгъэкІэ лажьэ медицинэ техникэ кьыщІэзыгъэкІ заводым и зыужьыныгъэм мыльку зэрыхихльхьэр.

Республикэ властым и Іуэхущапіэхэм унэтІыныгъэ зыбжанэкІэ купщІафэу дадолажьэ. Псалъэм папщІэ, зыхуэфащэ тхылъкІэ кьыхаха проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и ПІалъэ фондыр тщІыгъуу жыджэру щыхуэзыІэ кьыдыдэлъхьэрэ, Іуэхущапіхьэ я фондым хуагъэувааэ щыта мардэ псори иджыблагъэ зэрыІуахыжьыр.

Щыпалъэ къудамэм и унафэщІым кьыхигъэщащ республикэм и властым кьахуигъэлъагъуэ инвестицэ проект ин зыбжанэ гъэзэщІэным етІуанэ мазихм хэтыну зэрамурадыр. КъищынэмыщІауэ, республикэ бюджетым и хьэкъкІэ анэ (унагъуэ) мыльку и кьэрал сертификат зратхэкІ ухах ипотекэ кредитхэм щыхэзгъэкІыпхъэхэм щыщ Іыхьэ яхуэтыным теухуа зэгурыІуэныгъэр догъэзащІэ. ЩхьэщатхІыпхъэхэр зэрыхуат щыкІэр щыхуэх кьэзыщтэмрэ банкымрэ кредит зэгурыІуэныгъэ щызэращІыпа зэманым хуэзэу УФ-м и Банк нэхъыщІыкІэм игъэувам и процент 50-р зэрыхахьхьам тещІыхьауэ кьызыдогъэпэщ. ПсэупІэ кьыззращэхун кьамылъхьэуэ, апхуэдэу сабийр илъэсищ щрикъунум емыжьэу анэ (унагъуэ) мылькур пэщІэдзэ взносу кьагъэсэбэп хьунущ.

Бизнес мащІэр иджырей рынок зэхущытыкІэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр икІи хьэрхуэрыгъэр и лъабжьэу экономикэм зэрызрагъэужьыр кьиІыпІэу, щыпалъэ къудамэм абыхэм ящыджэру мыльку кІэ защІегъакІуэ. Нобэ ирихьэлІэу сом меларди 2,6-рэ щыхуэу яритащ. Хэкіыпіэщхьэм ящыщщ республикэм и хьэрычэтыщІэ щІэзыдзагъащІэхэм папщІэ кьыхэтлъха «Бизнес Старт» Іэмалыр. Зи Іуэху кьыддэзыхьжыныхэм я дежкІэ ар щІэдзапІэфщ.

- Ди лэжьэкІэр зэрыстхэуэкам, ди къудамэм и зэхэлъыкІэр, къэдгъэсэбэп технологиехэр унэтІыныгъэщІэхэм зэрыхуэдгъэкІуам и фІыгъэкІэ, иджырей бизнес гъэпсыкІэм Іэмалыщ Іэхэр кьыхуэзгъэтхащ. Абыхэм я ефІэкІыныгъэхэр зэман ГъунэгъуэІ зэрыдгъэхунымрэ щэч кьытесхьэркъым, - кІигъэзгъэуащ Урысбий Хьэмидбий.

Абы зэрыжиІамкІэ, я хэщапІэхэм зрагъэубгъунущ. Район центрхэри хэту, зэманым хуэфащэ Іуэхуэсхьэпіэу 6 (офис) мы гъэм республикэм кьыщызэІуахьыну я мурадщ.

- Урысейм и Хъуманіэ банкым и унэтІыныгъэ нэхъыщІыкІэхэм ящыщщ ди Іуэхутхэбзэхэм я фІагъым зэпымыуу» хэтъэхъуну, дяпэкІи дыдзэтетынур аращ, - кьыхигъэбелджьылыкІащ Урысбий Хьэмидбий.

БАГЪЭТЫР Анзор,
Урысейм и ХъуманІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Тэрч щІыналъэ

ДэІэпыкьуанытъэ ягъуэт

Терекэкэ жылагъуэм и унафэщІхэр щІыхуэзм я пІэуныгъэр зэрырагъэфІакІуэным хущІокІу.

КЪУАЖЭМ дэтщ иджырей зыхуейзыхуэфІхэмкІэ нэсу кьызэгъэпэща амбулаторэ. Абы щагъэзгъ дохутыр Іуэхутхэбзэ куэд. Арами кьуажэдзсхэр мэлъаІуэ махуэ стационарым нобэ кьищтэ сымаджэхэм я бжыгъэм хагъэхъуэну.

Я Іуэху Іейкъым жылэм дэт курыт еджапІэмрэ сабий садымрэ. Абыхэм иджыпсту ремонт лэжьыгъэ щхьэхуэхэр кьащІрахьэлІэ, фокІадэм и 1-м псори хьэзыру щыкІуэхэр кьызэрырагъэблагъэжьыным хуэдэу.

ЩэнхабзэмкІэ унэмрэ абы хэт кьуажэ библиотекэмрэ сыт и лъэныкъуэкІи зэмэму кьызэгъэпэщащ: илъэс псом зэпымыууэ мыбы щолажьэ сабийхэр нэхъдзэныхэх гулъкей зыбжанэ. Арщхьэкіэ къэпщІыльщ залыр ремонт ящІу, абы щІэт щэнтхэри щІэкІэ зэрахъуэкІын хуейуэ. Апхуэдэ щытыкІэм иригъэуващ илъэс кІуам жьышхуэ щІэту кьеха уэм.

Зыхуэзмыхъэныгъэ щхьэхуэхэр хэльщ жьлэр псыкІэ кьызэгъэпэщынми: илъэс 50 хьуауэ яхуэлажьэ псыжапІэхэр кхъахэ хьуауэ. Аршхьэкіэ, абыи емылъытауэ, унагъуэхэм псыр зэпымыууэ яІэрыгъэхьэныи зэфІэкІыну яІэр ирахьэлІэ. «Жьы хьуа псы жапІэхэр щІэкІэ зэхуэхкІын» республикэ программэм илкъ иткІэ, илъэс кІуам кьрахьэжьа лэжьыгъэхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэпагъэун хуей хьуащ, мылъкур кьаззеремэщІэкІым кьыхэкІыу.

Жьлагъуэр зыщыгуфыкІ Іуэхугъуи щыІэщ: дыззрыт мазэм щІадзэнущ пэш тІурытІу зэхэт унэу 6 яухуэным. Аварийнэ щытыкІэм ит псэупІэ кхъахэхэм щІэсхэм тещІыхьауэ кьрахьэжьэ лэжьыгъэхэр мы илъэсым и кІэм нэсыху зэфІагъэкІыну я мурадщ, «Тэрч цІыкІу» зыфІаща хьэблэр унащІэхэм щІэсу илъэсыщІэм ІущІэн хуэдэу.

И Іуэхур йофакІуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и жыг хадэхэр къэгъэщІэрэщІэжьным ещхьэлІа къэрал программэм купщІафІэу лэжьэн щыщІидза щІыпІэхэм яцыщщ Тэрч районыр.

МЫ ІУЭХУМКІЭ районыр зыщыгугъ бэджэндырылажьэ Іэкіуэлъакіуэхэм нобэ хабжэ Джатэжьей Аслъэн. Абы нобэ кьеГъащІылІа щІы гектари 5-м кьыпщІэ хэпІпыхьауэ лІэужьыгГуищ щыхисащ. Жыгхэм нэрылъагГу зауэжащ, иращылІапхъэ лэжьыгъэхэм щыщу зыри дагъахуркъым. Джатэжьейм ИІыгъ щІыр мыгувэу гектар 25-м нигъэсыну и мурадщ. Ар кьызэрригъэзбгъэну щхьэгъэ-рэ тэмэму иубзыхуащ: гектари 10-м кхъужьей хисэнущ, адрей кьанэр пхъащхьэмыщхьэ жыг зэмылІэужьыгъуэхэм зухихащ.

ПІалъэкІэ лжьыбгъэ щІыхуипщІым зэкІэ яретыф Джатэжьейм. Бэрджэндырылажьэм и Іуэхухэр нэсу зэтеубла хьумэ, и жыг хадэхэм зригъэубгъуэну, лжьэкІуэ нэхъыби Іэнатіэкіэ кьызэригъэпэщыфынущ. ІащІагъэлІым и жыг хадэм хуиту псы щІигъэлъэдэн папщІэ псы кІыщІэшпІэжьу щытта щІыпІэр зэфІагъэвжьыну и мурадщ, и гугъэр хихыгъкъым, жыгхэм пхъащхьэмыщхьэ уэр кьратын щІадзэмэ, техникэ щхьэхуэхэр зэригъэпэщынми. Абы текІуэдэну мыпкъури кьэгъуэгурыІуэфІэсхьым. Щытыкіэр кьиІыпэгри, Джатэжьейм мы гъэм жыг зэхуакуэхэм хьарбыз дисащ. «Ахэр жыгыщІэ цІыкІуэхэм зэран яхуэзгъэнукъым, ахъшэ хьэзыри тхуэхьунущ, - жеІэ абы.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Лэскэн щІыналъэ

«Дзэлкъэбыр» ягъэкъабзэ

Дзэскэн щІыналъэм и щІалэгъуалэ гуп иджыблагъэ щыІащ псыхъуэм зэпэщыту дзэ Анзорей Лэскэн Етіуанэ кьуажэхэм я щхьэхэмкІэ щыІэ «Дзэлкъэб» щІыпІэ дахэ щІыкІум. Абдежым кьыщыщІэж псынэ щІыпІэтыІэмрэ ихьыгреягъкІэ кьыщыт дзэлхэмрэ кьыззэщІаубыдэ Іэгъуэблагъэр зыгъэпсэхупІэ дзэгъуэу зэрыщытым куэд щІауэ гу лъатащ гъунэгъу кьуажэхэм дэс щыхуэхэм.

А щІыпІэм щрагъуэхьа пхъэнкийр гъэжьабзэнымкІэ жэрдэмэт зейр «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и «Щалэгъуалэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыпІэ кьудамэм хэтхэрщ. Кьыхуеджэныгъэм кьыпэфжежащ зи ныбжьыр илъэс 16-м щегъэжьауэ 30-м нэса щІэлъэмрэ я хьыджэбзхэмрэ. Аехр псори щыхьу 50 зэрыгъэхуащ.

Гукъыдзэ яІэу икІи нэжэгужэу зыбгъэдыхьа лэжьыгъэр сыхьэт бжыгъэм кьриубыдэу щІалэгъуалэм зэфІагъэкІащ икІи щІыпІэ щыкІум и «фэр кьыщІагъэщыжащ». Іуэхугъуэ щхьэпэм хэтхэхэм фІыщІэ яхуищІащ «Щалэгъуалэ гвардием» и Лэскэн кьудамэм и штабым и унафэщІ Едгъуэл Залинэ.

- Зыкэпсэухь дунейм хуэгъэзащІ жьлагъуэр кьабзагъэм хуэщІэкъуэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм и хьугъуэфІыгъуэхэри нэхъ хьумэ хьунущ. Щыхуэхэм экологие и лъэныкъуэкІэ щэнхабзэ ябгъэдэлъхьэнымыхьэнэшхуэ иІэщ. Дэтхэнэми зыкъегъэщІэн хуейщ щІыуэпсыр хьумэнымрэ абы щыхъхьынымрэ зэрякъалэныр, - жиІащ Едгъулым, зэхэхьэр щыІэхуищІыжым.

ГУІЭТЫЖ Залинэ.

● Аруан щІыналъэ

Зыужьыныгъэм хущІокъу

Аруан районым хыхьэ Джэрмэнышк къуажэм цІыху мини 3-м щІигъу щопсэу. Адрей жылэхэми ещхьу, абыи гулытэ хэха щыхуащІ псэукІэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа Іуэхугъуэхэм.

КЪУАЖЭДЭСХЭР щІыпІэ администрацэм хуэарэзыщ курыт еджапІэм и Іэгъуэблагъэмрэ Школьнэ уэрамым и кІыхьагъымрэ жэщым кьэзыгъэнэху уэздыгъэхэр зэрыфІадзам папщІэ. А Іуэхум нэхъри зрагъэужьыну я мурадщ.

Иужьрей илъэсхэм кьуажэ унафэщІхэр нэхъыбэу иужь итщ цІыхухэр зэрыгІысхьа щІы Іэнэщ Іым уху ныгъэхэр щегъэкІуэкІыным, зэІуэпэщ щІыным. Иджыблагъэ электрокъаурри ирашэлІащ, иджы а щІыпІэм газыр нагъэсын хуейуэ кьапащытщ. Зи гугъу тщІы Іуэхур хагъэхьащ «2015 гъэ пщІондэ кьуажэхэм зегъэужьын» республикэ программэм. КьищынэмыщІауэ, Джэрмэнышк хъарзынэу щыІэфІагъэкІащ щІыхуэхэм я къэгъэсэбэпым папщІэ щы Іыхьэхэр зэрыхуагъэшар. Ар УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа май унафэхэм ящыщт.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Зы махуи зэпыуркъым

Узынщагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ комплекс Нарткъалэ щаухуэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ ухуакІуэхэм лъабжьэр ягъэтІыпІ. Комплексым и инагъыр щыхъущІэзубыдэ гъущІ хъархэр зэтету зэкІэрагъавэ. Абы бетон тКІуатКІуэр иракІэрэ кьрагъэжьы-кІынущ. Бассейныр зыхэтыну Іыхьэм лэжьыгъэхэр щызэфІагъэжьащ, унэ праблэм кьыдращІей.

Техникэм ухуэныгъэ пкъыгъуэхэмкІи ухуакІуэхэр тэмэму кьызэрызэгъэпэщам и фІыгъэкІэ, лэжьыгъэхэр зы махуи зэпыуркъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэджэм щІыналъэ

Интернетым зэпещІэ

Шэджэм район администрацэм и жэрдэмкІэ «Шэджэм он-лайн» Интернет-форумым мыгувэу дэжьэн щІидзэнущ.

ЗЭРЫХУАГЪЭФАЩЭМКІЭ ар сэбэп хьунущ властымрэ щІыхубэмрэ зэпыщІэныкІэ, апхуэдэуи дэтхэнэ зыми куейм щекІуэкІ гъащІэм и гуащІэ хилъхьэфынущ.

Проектым и кьызэгъэпэщакІуэхэм къызэралъытэмкІэ, Интернет-форумыр «лъэмыж» яхуэхьунущ зэлъахэгъуэгъэ зэдзэджэныкІэ, зэгурыІуэныкІэ, зэрыщІэныкІэ.

КІАРЭ Элинэ.

● Шэрэдж щІыналъэ

УнафэщІхэмрэ къуажэдэсхэмрэ зэрышІэн папщІэ

Шэрэдж район администрацэм сайтыщІэ кьызэІуихащ. Ар кьыщІыгъэрагъэпэщар къулыкъущІэхэм я лэжьыгъэр жылэдэсхэм я дежкІэ зэІуихауэ щытын папщІэ.

АБЫ ЦІЫХУХЭМ Іэмал кьаритынущ районым щекІуэкІ гъащІэм зыхагъэгъуэзэнымкІэ, социальэ, экономикэ зыужьыныгъэм кІэлъыплъынымкІэ. Сайтым кьыщыбгъуэтынущ районым и хьыбарыщІэхэр, «Черекские вести» газетым и кьыдзэкІыгъэщІэхэм укьыщдежэфынущ, апхуэдэуи районым ит кьуажэхэм ятеуухэр щыІэрэ хьыфынущ.

Сайтым Интернет хэщІапІэ хэтщ. Ар кьагъэсэбэпу цІыхухэм куейм щекІуэкІ Іуэхухэм теухуауэ я епльыкІэхэр кьагъэлъагъуэ, я жэрдэмхэр ираткэ хьунущ, я упщІэхэм я жэуапыр щагъэтынущ, район унафэщІхэм зыхуагъэзэфынущ.

КІЭШ Санэ.

Къэжэр Альберт Хьэту и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэщІыныгъэшхуэ щыхуэзыгъэгъуэ ягъуэтащ. 2013 гъэм щыщхьэуІум и 14-м автомобиль зэхьэзхэуэм кьуажэдащ политикэ, жылагъуэу лэжьакІуэ щІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІу ягъэуащ. 2009 гъэм КЪР-м и Парламентым и еплІанэ хэхьыгъуэм и депутату хахащ. Мыгувэу нахьыбэ мазэм, Федерацэмкіэ Советым сенатору ягъэкІуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым законэр кьыдгъэзыгъэкІ и органым и сэбэп зыхъхьэхэр пхигъэкІын папщІэ.

Къэжэр А. Хь. и профессиональэ, жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэр, зэрышІытУ и гъащІэр лъэпкым, республикэм, къэралым яхуэпэжу щытыным и щапхъэ нэсщ. Къэбэрдей-Балъкъэр нэхъеиныжу фІыуэ ильагъуэт, абы кьаруу э ягъэ ехьэлІауэ теладжэрт, езым и лъэпкъэгъуэхэм, ахэр дэнэ щІыпІэ щыІэми, зэрадзэпэпкъуным хущІэкъуэт. Иужьрей эмалым Къэжэрым куэд илъэжащ нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр къешэлІэжыным и лъэныкъуэкІэ икІи абыхэм ящыщ зыбжанэм я адэжь щІыналъэр ягъуэтыжьыным. ІащІагъэкъуащ.

Сыт хуэдэ кьулыкъу пэрытами, Къэжэр Альберт зыкьыгъэлъэгъуащ зэфІэкІыщхьэ зыбгъэдэлъ ІэщІагъэлІу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэм пэжкІэ яхуэлажьэ унафэщІ Іэкіуэлъакіуэ.

Къэжэр Альберт Хьэту и кьыгур - цІыху пэжыр, ныбжьэгъу нэсыр - дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КЪР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ гущІыхь я ящыхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт **Къэжэр Альберт Хьэту и къуэр гуузу зэрыхахІуэдар икІи абы и Іыхьлъхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.**

ШЫПШ Даянэ.

Хадзэхэкіхэм йолэжь

Май районым щызэхэт «Ленинцы» мэкъумэщ предприятэм фІэІугъэхэмкІэ и цехым нащэм елэжьыныр и кІэм щынэблэгъащ.

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлІэу абы щагъэхьэзыращ литриищ банкІэу мин 86-рэ, литрэ банкІэу мини 2-м щІигъу.

Нащэ фІэІур щызэхахьэ цехым щыІу 23-рэ жэщ-махуэ ямыІэу щылэжьащ. Иджыпсту фІэІугъэхэр зэращэным хуэдэу полиэтиленым ирагъэзагъэ.

Мы махуэхэм консерв цехыр помидор гъэфІэныным нужь ихьэнущ. Абы кьыдэкІуэу нащэмрэ помидорымрэ зэщІэлъу кьыщІагъэкІынущ. «Ленинцы» СХПК-м и хадзэхэкІэр мардэ нэхъыбэм тету егъэхьэзыр. Цехым щолажьэ зи Іэщ Іагъэм илъэс куэд хьуауэ ирилажьэ Іэщ Іагъэлі Іэзэхэр. Абы кьыхэкІыу я продукцэм щІэпущІи нІэщ.

ЖАНХЬУЭТ Зуэ.

● ФІыщІэ

ПсынщІэу икІи Іэкіуэлъакіуэу

Налшык дэс Митькин Александр кьыбгъэдэкІ тхыгъэ Іэрыхьащ Урысейм и МВД-м Налшык къалэм щиІэ къудамэм и унафэщІ полицэм и полковник Дыщэкі Назир. Абы Іуэхущапіэм и лэжьакіуэхэм, псом хуэмыдэу юстицэм и лейтенант нэхъыжь Щоджэн Руслан, фІыщІэ яхуещІ.

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м кьыщыщІэдзауэ 9-м нэсыху бдзаджащІэм Налшык къалэм и ЩхьэлыкІуэ уэрамым тет 3-нэ унэм и фэтэр № 35-м щІидыгъуэкІащ Митькиным и хъуржиныгъ, кредит тхылъхэу 2, пенсэ тхылъыр, медицинэ полисыр, «Нокиа» жыр телефоныр - псори зэхэту сом 3100-рэ и уасэ.

Полицэ Іуэхущапіэм и лэжьакіуэхэм псынщІэу икІи Іэкіуэлъакіуэу зэфІагъэкІа Іуэхухэм я фІыгъэкІэ дыгъуэкіуэр кьагъуэтащ. Ар М. щыхубзыраУэ кьыщІэкІащ. Мы зэманым абы егъэщІылІа уголовнэ Іуэхур зэхегъэкІ Урысейм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и къудамэм и следователь Щоджэн Руслан. ФІадыгъуэ хьэпшпхэр Митькиным иратыжащ.

Тхыгъэм итщ: «Сэ фІыщІэшхуэ яхуэсщІыну сыхуейщ полицэм и 1-нэ отделым и лэжьакІуэхэм, псом хуэмыдэу Щоджэн Руслан. Абыхэм зы жащ-махуэм кьрибубдэу дыгъуакіуэр кьагъуэтащ икІи си хьэпшпхэр кьызатыжащ».

УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управлениэм и пресс-Іуэхущапіэм.

Зыри кьикІуэтыну хуейкъым.
Сурэтыр **ЦЕКЪУ ПіатІ** *трихащ.*

● Теплъэгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и деж

ПщІэшхуэ зыхуэтщІ Къанокъуэ Арсен Башир и къуэ!

Адыгэ лъэпкъым и бын пажэхэм ящыщ зы цІыху хэкупсэ-лъэпкъыпсэ, КЪР-м и лъэпкъ лЫхЫуэ Къэжэр Альберт зэрыхэхІуэдам теухуауэ кьыгІэрыхьа хьыбар гуэзвэгъуэм ди гур зэригъэуэар кьытхуэмыІуэтэным хуэдизщ.

Дунейм ехьжа ди къуэш лъапІэм дыхуолъаІуэ Тхъэм гущІэгъу кьыхуищІыну, зыдэкІуам щигъэтынышну, жэнэт лъапІэр кьыхунгъэфэщну. Абы и унагъуэм, иужь кьина щІэбэлъм, зэрыщыту Къэбэрдейм дахуогугъаи. И ужьыр псоми махуэ фхуэхъу, фІыкІэ куэдрэ Тхъэм фыкІэльигъэпсэу.

КАФФЕД-м и тхъэмадэ
Шыгъэлыгъуэ Уаджид.
Анкара, 2013 гъэм щыщхьэуІум и 14-м

Льэпкъ хасэхэм я щыгъуэ псалъэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей, Адыгей, Шэрджэс, Шапсыгъ, Мэздэгу Адыгэ хасэхэм, КЪР-м щылажьэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Зэгьэзэуэ Советым хэтхэм, Европэм щылажьэ хасэхэм я федерацэм, Иорданием, Сирием щыІэ Адыгэ фЫщІэ Хасэхэм гущІыхьэ ящыхьащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэ хуэсым Федерацэмкіэ и Советым КЪР-м и лЫхЫуэ хэт **Къэжэр Альберт Хьэту и къуэр** автомобиль зэжьэхэуэм зэрыхэкІуэдар икІи дунейм ехьжам и унагъуэм, и Іыхьлы-благъэхэм яхуогузавэ.

«Сирием щекІуэкІ зауэм и гуэвэгъуэр нэхъ зытещІэ цІыху мамырхэр а мафІэм кьыхэщыным, ди лъэпкъыхэм я адэжь щІыналъэхэр псэупІэ яхуэхьажьам зи кьару куэд езыхьэлІа хэкуэпсэ щыпкъэм и дуней тетыкІар, и Іуэхущапфэ дахэхэр зэи дигу ихункъым. Гуауэщхуэр Къэжэрхэр, зэрыщыту адыгэ лъэпкъми Іэтыгъуафі Тхъэм ящищІ», - итщ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм ДАХ-м и Іуэхущапіэм къагъэха телеграммэхэм.

● Тэрч щІыналъэ

ДэІэпыкьуанытъэ ягъуэт

Терекэкэ жылагъуэм и унафэщІхэр щІыхуэзм я пІэуныгъэр зэрырагъэфІакІуэным хущІокІу.

КЪУАЖЭМ дэтщ иджырей зыхуейзыхуэфІхэмкІэ нэсу кьызэгъэпэща амбулаторэ. Абы щагъэзгъ дохутыр Іуэхутхэбзэ куэд. Арами кьуажэдзсхэр мэлъаІуэ махуэ стационарым нобэ кьищтэ сымаджэхэм я бжыгъэм хагъэхъуэну.

Я Іуэху Іейкъым жылэм дэт курыт еджапІэмрэ сабий садымрэ. Абыхэм иджыпсту ремонт лэжьыгъэ щхьэхуэхэр кьащІрахьэлІэ, фокІадэм и 1-м псори хьэзыру щыкІуэхэр кьызэрырагъэблагъэжьыным хуэдэу.

ЩэнхабзэмкІэ унэмрэ абы хэт кьуажэ библиотекэмрэ сыт и лъэныкъуэкІи зэмэму кьызэгъэпэщащ: илъэс псом зэпымыууэ мыбы щолажьэ сабийхэр нэхъдзэныхэх гулъкей зыбжанэ. Арщхьэкіэ къэпщІыльщ залыр ремонт ящІу, абы щІэт щэнтхэри щІэкІэ зэрахъуэкІын хуейуэ. Апхуэдэ щытыкІэм иригъэуващ илъэс кІуам жьышхуэ щІэту кьеха уэм.

Щэнхабзэмкі

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● ПсэукІэ

Нэхъыщхьэр нэху дыкъекІынырщ

Урысей документалист нэхъ щІэныІуэ дыдэ Маньский Виталий и «Труба» фильмым саугъэт ящыщыхуагъэфэщагъ иджыблагъэ екІуэкІа «Кинотавр» фестивальм. Ар теухуауе КъукъэпІэ Сыбирскэм икІыу КъухъэпІэ Европэм кІуэуэ я яукъуэдия газ бжьампІм и бгъунтымкІэ кьыІус цыхухэм я псэукІэм икІи адыгьухэм ятьэгъуар гум ІожакІэ...

- Виталий, уэ къыбгурыІуэрэ тетыгъуэр зыщыгъэхэр хуабжьу зыгъэнкІэ фильм зэрытекІуар? Абы папщІэ нобэ уагъэтІысынкІэ хуэунущ, «цІыхухэр зэщІыбогъэст» жаІэу.

- (*Мэуплъисэ*). Оплощиз мурад сиІамэ, а фильмыр зыхуэдэнур ун зэрэ кьыпхъщІэгъэхэнукъым. Дэ гъуэгум дыдэрэ тетэ мазищым тІъэтэчуар, уеблэмэ цІыхухэм я псэукІэрэкъым, атІэ я кІуэдыжыкІэрэщІ (*Мэхъуэнэ*), кьыхсухэгъэгъу, апхуэдэ гъащІэ! Арщхьэкіэ дэ «Апхуэдэу упсэу зыхуэнукъым»-ІуэжьыщІэм щыщ фильм тетхакъым. Дэ ди мурадхэмрэ зыхуэдагъэзыжьыжа кьалэнхэмрэ нэгъуэщІт. Ауэ власти ирегулаво: дэ дызэщІыпхъэм кІуэн кьыкьуэкІынщ публицист тхыгъэкІэр нтъэхъэзырыр щІэныгъэм.

- Уэ жыпІащ газ къыщыщІащ щІыпІэхэм фыкІуэн папщІэ визэ къеІыфхэм хуей хъуэу». Ар пэж?

- Ди жагъуэ зэрэхъунщи, пэжщ. Ар дэ тщІэрэтхэмкІэ. Ауэ фильм щытетхым визэ къеІытхэм хуейуэ кьыщыдджаІам зэхэтхар ди фІщхъуэртэкъым. Зи гугъу ящІыр мазэм кьурибгъэзыр къеІытхэм хуей визэт. Сэ ар апхуэдизу тельыдджэ сщыхъуати, жысІэнур сщІэртэкъым. Урысей Федерацэм и щыхухэр хунту кІуэ мыхъуну Урысейм щыщ щІыпІэнатър зэхуащІхъуэ кьыщІокІ. Егупсысэт!

-Газпроным-и кьыщІэщІыпІэхэм щытетхым и щІыпІэ-и фІэщІащІ Урысейм сыщымыІэу. Псэуалъэ псори гъущІкІапсэ банэкІэ къэхуькащ.

Вологд э областым щыІэщ Гряэовец кьалэр. Бжьамиящ ІкІэ нихэр щыізхэкІ ар Урысейм и газ щыхьэпщ. Абы километр 40-щ зэрыпэжжьыкър Сидоровэ къуаджэр. ЖыпІэ хьунущ ар газ бжьамиём тесу. Ауэ абы газ щыІэжьмкІэ: къуэрыкъуэ щхьэ и фІщыщкІэ ягъэпІтІ. Абы щыпсэуэгъэ, дауи, кьагъэгугъэ газ хуущІашэну, ауэ ар щыпсэу фІэкІа зыкъом къыщыкъхъжьыркъым.

- Ди къэралым и зэхуэдитІыр пхъэкІэ ягъэпІть. Абы щыгъэуэм ди фильмым къыІэрыщыгъэтхъэгъащІ, Европэм урысей газым, уеблэмэ крематорийхэри щроладжь. Абы кьыхэжьыу сызэгуоп ди газ гъэтІыпІытъэхэмкІи газэу къыщІэтэщІыр зыхуэдизымкІи дунейм дыщыящу икІи абы дэ дрипощхуэн хуеиуэ жыІэу «Газпром»-р щызыщІытхъужьм деж...

- Иджы сэ я рекламэм сымыкІэзыІэу сеІпльыжьифырыкъым. Москва щыпсэуэр нигушхуэ хъунущ, ауэ урысейхэм я нэхъыбэм я дежкІэ а псалъэхэр хуэдэщ я нэкІум ущІэфжьыхтэхьм. Апхуэдэ рекламэ щІащІыр гурыІуэгъуэхэкъым. Дэ дызыщыпсэу къэралыр зыхуэдэр зыщІэ «Газпром»-м и унафэщІэхэм нэхъ зызытрАыІыгъэн хуейт. ЦІыхухэм къагурыІуэ -псоми зэдай фІыгъуэр» ирэжьІэнІэ хэт еІти. Хуабжьу ауэ, Рекламэм нэгъуэщІ псалъэхэр кьыхуагурпсысынт: «Дэ догугъу. Дэ дынэкІэнщ. ЗэкІэ кьытхуэвгъэгъу».

- Фи фильмым мыр хэтщ: щоджэныр кьуажэм макІуэри, фызым ёоущІ и сабий щынэм жор трырнигъэщэнрэ трырнигъэщэнрэ. ЦІыхубзым жьуаи кьрет: «СшІэрэкъым. Си дым абы теуХуауэ лэжьапІэм зыри къыщыжраІакъым». Зи зэхэщІыкІыр апхуэдизу къыщыхьхуэ цІыхухэр щыпсэу къэралым зэхъэжьІынигъэ гъэхэм фыкІуэн папщІэ визэ къеІыфхэм хуей хъуэу». Ар пэж?

-Ди жагъуэ зэрэхъунщи, пэжщ. Ар дэ тщІэрэтхэмкІэ. Ауэ фильм щытетхым визэ къеІытхэм хуейуэ кьыщыдджаІам зэхэтхар ди фІщхъуэртэкъым. Зи гугъу ящІыр мазэм кьурибгъэзыр къеІытхэм хуей визэт. Сэ ар апхуэдизу тельыдджэ сщыхъуати, жысІэнур сщІэртэкъым. Урысей Федерацэм и щыхухэр хунту кІуэ мыхъуну Урысейм щыщ щІыпІэнатър зэхуащІхъуэ кьыщІокІ. Егупсысэт!

-Газпроным-и кьыщІэщІыпІэхэм щытетхым и щІыпІэ-и фІэщІащІ Урысейм сыщымыІэу. Псэуалъэ псори гъущІкІапсэ банэкІэ къэхуькащ.

Вологд э областым щыІэщ Гряэовец кьалэр. Бжьамиящ ІкІэ нихэр щыізхэкІ ар Урысейм и газ щыхьэпщ. Абы километр 40-щ зэрыпэжжьыкър Сидоровэ къуаджэр. ЖыпІэ хьунущ ар газ бжьамиём тесу. Ауэ абы газ щыІэжьмкІэ: къуэрыкъуэ щхьэ и фІщыщкІэ ягъэпІть. Абы щыгъэуэм ди фильмым къыІэрыщыгъэтхъэгъащІ, Европэм урысей газым, уеблэмэ крематорийхэри щроладжь. Абы кьыхэжьыу сызэгуоп ди газ гъэтІыпІытъэхэмкІи газэу къыщІэтэщІыр зыхуэдизымкІи дунейм дыщыящу икІи абы дэ дрипощхуэн хуеиуэ жыІэу «Газпром»-р щызыщІытхъужьм деж...

- Иджы сэ я рекламэм сымыкІэзыІэу сеІпльыжьифырыкъым. Москва щыпсэуэр нигушхуэ хъунущ, ауэ урысейхэм я нэхъыбэм я дежкІэ а псалъэхэр хуэдэщ я нэкІум ущІэфжьыхтэхьм. Апхуэдэ рекламэ щІащІыр гурыІуэгъуэхэкъым. Дэ дызыщыпсэу къэралыр зыхуэдэр зыщІэ «Газпром»-м и унафэщІэхэм нэхъ зызытрАыІыгъэн хуейт. ЦІыхухэм къагурыІуэ -псоми зэдай фІыгъуэр» ирэжьІэнІэ хэт еІти. Хуабжьу ауэ, Рекламэм нэгъуэщІ псалъэхэр кьыхуагурпсысынт: «Дэ догугъу. Дэ дынэкІэнщ. ЗэкІэ кьытхуэвгъэгъу».

- Фи фильмым мыр хэтщ: щоджэныр кьуажэм макІуэри, фызым ёоущІ и сабий щынэм жор трырнигъэщэнрэ трырнигъэщэнрэ. ЦІыхубзым жьуаи кьрет: «СшІэрэкъым. Си дым абы теуХуауэ лэжьапІэм зыри къыщыжраІакъым». Зи зэхэщІыкІыр апхуэдизу къыщыхьхуэ цІыхухэр щыпсэу къэралым зэхъэжьІынигъэ гъэхэм фыкІуэн папщІэ визэ къеІыфхэм хуей хъуэу». Ар пэж?

-

●«Кабардинка»-р илъэс 80 прокъу

Къэралбий. *1969 гъэ*

Зарэ. *1974 гъэ*

Дзыхьмыщ1хэ я къафэ

«Льэпкъым и набдзэ» жыхуаІэхэм ящыщ «Кабардинка» къэфакІуэ гупыр. Абы цыхьу кхуэд щыхэбгъэкІащ, Іэджи и къафэм щІэпыкІащ, къэралым и пщІэр иІэтащ. Апхуэдэ зэфІэкІ гупым иІэныкмкІэ я гущІэ мымащІэу хальхьащ дзыхьмыщ1хьыкыфІхэм, зи гур гъуазджэм етауэ къэгъуэгурыкІуахэм. Абыхэм ящыщщ Дзыхьмыщ1хэ Къэралбийрэ Зарэрэ. Зэщхьэгъусэхэм мызэ-мытІэу кхыхуагъэфэщащ СССР-м, УФ-м щэнхабзэмкІэ я министерствэхэм я Щыхь тхылъхэр. Ансамбльыр зэрыщыІэ илъэс 80-м кърубыдзэу, абы хэта цІыхуитІыращ Лъжвыгъэм и Бэракь Пльыжь орденыр зратар, а тІум (ящу зыхуагъэфэщащ Щэру Сонящ) языхэщщ Къэралбий - 1976 гъэрщ апхуэдэ пщІэ абы кхыщыхуащІар. Зарэрэ Къэралбийрэ хэтащ Октябрь революцэр илъэс 60 щрикъум Москва щрагъэкІуэкІа зэхьыхьэхэм.

«Кабардинка»-р - ар дг гъащІэращ. Ди хабзэ, нэмыс, цІыхугъэ - псори кхызыхэтхар аращ», - жаІэ зэщхьэгъусэхэм.

ЩІэдзапІэ

- Сыту жыжьэ дыІэбэжьи хуей! - кхыщІедзэ Къэралбий. - 1961 гъэм «Искожмромышленнэ Іэхъущапіэм токарь-учетчикыу мазитІкІэ сыщылэжьауэ, къуажэмкІэ (Хьэтуейщ сызыщыщыр) згъэзэжащ. Къуажэ советым и тхьэмадэм фІыуэ сыкьиІцІыхурт, кьафэм сызэрыцІыкІурэ сызэрыхэтым, сызэрыдихьэхым щыгъуэзэтт, Щэнхабзэмкі Іэнэм и унафэщІ сищІащ. КъэфакІуэ гупі цІыкІу абы щыгъуэм кхыззэгъэпэщІри, увыпІэ хьарзынэхэр республикІэ зэхэтхэм кхыщытхьу дылэжьащ, еблэмэ аккордеон щІэрыпс кхыщытхьэхуаи кхэхьуэрэ... 1963 гъэм кьалэмкІэ сыкъэкІуэну сигу ихьыжат, зы щІэдзапІэ хуэхьуауэ кьэпльыгъэ хъунур я «ХьэгъэлІыгъуэ кьафэ»-рщ. Щауэмэрэ нысащІэмрэ я кьафэр, Улькъабее Мутай игъэувауэ щытар, абыхэм екІуу Щоджэнщ цІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ кьэрал драмэ театрым щагъэльэгъуат. Абы еплъыну кхурихьэлІахэм яхэтат Мэлбахьуэ Тимборэ, Щэджыхьэщ Мухьамэд, республикэм и нэгъуэщІ лІыщкьэхэ- ри.

Зарэ и гукъэкІыж

- Сэ Африкэм тІэу сыщыІащ. ФІы дыдэу сигу кьинэжакъэм ящыщщ ар. ЗгъэщІэгъуат абыкІэ щыІэхэм я псэукІэри щыпІэм и тельыджагъ- ри. А щыналъэм япэу щытытыну концертым щІимыдІэ щыкІэ, хьыбар кьыдагъэщІат зыкъэдгъэльагъуэрэ щыхуэхэр Іэгу тхуемыуэмэ, дыкъэмыуІэбжьыну, абыкІэ апхуэдэ зэрыщыхабзэр. Дыкьафэри дыувыжауэ дыщытт, псори щымт, ауэ итІанэ и кІэ дыдэхэмкІэ кьыщыщІидзэу Іэгу, льэгу теуэ макъыр къэІуащ, кІуэ пэгми нэхъ льэщ къэхьуу. Дигуэкр кхыззэрыгъэутыжауэ адэкІэ дыкъэфауэ щытащ. Мароккорат япэ дыдэу дыздэщыІари, сфІэгъэщІэгъуэнахэм ящыщщ абыхэм я щІыхубзкэр псори щІэхьумауэ зэрыдзтыр.. Ипжыри сытыт тфІэхьэлэмэтар? Я щхьэантІагъэхэр, удз гъэгъакэр. Етіуанэу Африкэм щытедгъэзам, КІэш Федор, Гъэсашэ Наталье, сэ Госконцертым щыгъуэ дагъэкІуауэ арат.

Мыхьэн Іэджи кхыщІащІ щыщІ кхъэхуащ хамэ кьэралхэм дыщыкІуэхэм. Руандэ (Африкэм) щыІэ дипосольствэр кхыдэжьат кино драгъэпльыну. Жыхьэтэкъым дыздэкІуэн жиІри, льэсу гуэру дытеуваш. Сумкэ дахэ цІыкІу абы кхыщысщэхуауэ сІыгъти, ильэс 13 зи ныбжьыш щІалэ гуэр кхыкІуэжащ, ар сІэщІудри екъэжжауэ щытащ. Си насыпти, си дэфтэрэхэр дэльатэкъым. Посольствэм дыщынэсам кхыщыщІам и гугъу щахуэтщІым, «Кабардинка»-м ф ри мылькур ирикъункъым абы и лъыхъуакІуэ кхыззэдгъэпэщмэ», - кхыджаат.

Сщымыгъупщэжхэм ящыщщ дыгъэгъаэзэм и 30 махуэу, Африкэм дыздэщыІэм, дыкъэмыфэжьфу дыгъэм дыззрисауэ щытари. Кьапщтэмэ, экваторыр дэ щэ зэпыдупщІащ.

Интегриен концерт щыттыну дыщыкІуэм, зыри хьыумылъагъуэкІыу уэшхьшхуэ кьешхат, дыззэрис автобусыр кхъуэвыІэри ар зэтеувыІэжьхуи дыпэпльауэ щытащ. Нэхъ цІыкІу абы кхыщысщэхуауэ сІыгъти, ильэс 13 зи ныбжьыш щІалэ гуэр кхыкІуэжащ, ар сІэщІудри екъэжжауэ щытащ. Си насыпти, си дэфтэрэхэр дэльатэкъым. Посольствэм дыщынэсам кхыщыщІам и гугъу щахуэтщІым, «Кабардинка»-м ф ри мылькур ирикъункъым абы и лъыхъуакІуэ кхыззэдгъэпэщмэ», - кхыджаат.

Сщымыгъупщэжхэм ящыщщ дыгъэгъаэзэм и 30 махуэу, Африкэм дыздэщыІэм, дыкъэмыфэжьфу дыгъэм дыззрисауэ щытари. Кьапщтэмэ, экваторыр дэ щэ зэпыдупщІащ.

Интегриен концерт щыттыну дыщыкІуэм, зыри хьыумылъагъуэкІыу уэшхьшхуэ кьешхат, дыззэрис автобусыр кхъуэвыІэри ар зэтеувыІэжьхуи дыпэпльауэ щытащ. Нэхъ

1976 гъэ

Сагъэуващ сыкъэфэну. Кьыспагъэувар хэтыт? Цыхубэ щэрыІуэ, къэфакІуэшхуэ Щэру Сонят. Ар кхыщысльагъум, си лъакъуэхэр щІэкІэзызыхь хьуат. Иужьым Соня кхызэпсалъэщ, сытригъэгушхуэри, сыкъэфащ, гупми сыхагъэхьащ, - жеІэ Къэралбий.

Зарэ (КІуантІэхэ япхъщ, Тэрч кьалэ щыщщ) япэ дыдэу «Кабардинка» къэфакІуэ гупыр щиІэльэгъуэм ильэс 13 фІэкІа хьуатэкъым. Хьыджэбз щыкІур ансамблым хэтхэм я къэфэкІэ-зыІыгъыкІэм занщІэу итхъэкъуат, ауэ и пщІыхьэпІи кхыхэхуатэкъым зэгуэр езыри абыхэм кхахэхутэну. «Нэхъ сыщыщыкІуэхэм пионерхэм я унэм секІуалІэу щытащ, иужькІэ культпросвет училищэм сыщеджащ. 1962 гъэм еджэныр къэдухьиным ильэс ныкъуэ хуэдэ иІэжу, а зэманым республикэм щэнхабзэмкІэ и министру щыта Ефэнды Джылахьстэн къэфакІуэ ныбжьыщІэ зытІущ дыкъыхишри, «Кабардинка»-м я гъусэу зыкъэдгъэльэгъуэну Сыбырым дыкІуауэ щытащ. Гупым дыкьыхьэнэжри ильэс 22-кІэ дыкъыщыфащ, - жеІэ Зарэ.

«Арагъэнщ, дауи, зэщхьэгъусэхэр фыщыззэрыцІыхуар?», - щыжьиІэкІэ, тІури гуапэу кхьипогуфыкІ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, кьафэм ахэр зыпищІащ. Япэ дыдэу Къэралбийрэ Зарэрэ кхыщыззэдэфащ «Къуажэм и кьафэ»-м, «Ильэмей»-р ильэс 17-кІэ утыку кхрахащ, псоми щІэдзапІэ хуэхьуауэ кьэпльыгъэ хъунур я «ХьэгъэлІыгъуэ кьафэ»-рщ. Щауэмэрэ нысащІэмрэ я кьафэр, Улькъабее Мутай игъэувауэ щытар, абыхэм екІуу Щоджэнщ цІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ кьэрал драмэ театрым щагъэльэгъуат. Абы еплъыну кхурихьэлІахэм яхэтат Мэлбахьуэ Тимборэ, Щэджыхьэщ Мухьамэд, республикэм и нэгъуэщІ лІыщкьэхэ- ри.

Дзыхьмыщ1хэ я щІэблэр

- 1965 гъэм Москва и Кремль уардэунэм ансамблым зыкъыщигъэльэгъуауэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министру а зэманым щыта Фурцевэ Екатеринэ кхыхигъэщат гупым и хорыр тІэкІу нэхъ зэрымахэр, ауэ къэфакІуэхэм я льэщагъым щэч кхыззэрытримыхьэр. Ефэнды Джылахьстэн ябы жиІам тету, хьэлэмэтыжрат: етІуанэ пщэдджыжьым дыгъэ зытридзэджабэ нэкІум ІэпэдэупІэ имыІэу щындырхьоохэр епщІауэ тест, уэшхьшхуэм зыкъратэлауэ.

Дыщэкі ФатІимэ ди пшынауэу, си щІалэ пщыкІутІым сахэту, «Къамэзауэ кьафэ» дгъэзащІэу мазитІкІэ дыкьыщифат Германием. УэрэджьаІэу щэрыІуэ Лайферовэ Марцеллэ Кьэбэрдеим кхытхуеблэгъауэ щытащ. Ари нысбжьэгъу тхуэхьуауэ ильэс Іэджэкі дызэнэІуасэу кьелІуэкІащ. Сыту куэд ща абы льандэрэ.

Сыкьыззэралъхурэ сщІэжьркъым

- 1965 гъэм Москва и Кремль уардэунэм ансамблым зыкъыщигъэльэгъуауэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министру а зэманым щыта Фурцевэ Екатеринэ кхыхигъэщат гупым и хорыр тІэкІу нэхъ зэрымахэр, ауэ къэфакІуэхэм я льэщагъым щэч кхыззэрытримыхьэр. Ефэнды Джылахьстэн абы жиІам тету, хьэлэмэтыжрат: етІуанэ пщэдджыжьым дыгъэ зытридзэджабэ нэкІум ІэпэдэупІэ имыІэу щындырхьоохэр епщІауэ тест, уэшхьшхуэм зыкъратэлауэ.

Дыщэкі ФатІимэ ди пшынауэу, си щІалэ пщыкІутІым сахэту, «Къамэзауэ кьафэ» дгъэзащІэу мазитІкІэ дыкьыщифат Германием. УэрэджьаІэу щэрыІуэ Лайферовэ Марцеллэ Кьэбэрдеим кхытхуеблэгъауэ щытащ. Ари нысбжьэгъу тхуэхьуауэ ильэс Іэджэкі дызэнэІуасэу кьелІуэкІащ. Сыту куэд ща абы льандэрэ.

Унагъуэ насып

Аракъэ гъащІэм щынэхъыщхьэр?! А насыпыр Дзыхьмыщ1хэ я унагъуэм ильин папщІэ, зытетыр адыгэ хабзэрщ. «ЭрыпльэжкІэ, абы дебакъужьыш, нэхъыжьым пщІэ худи1эу, нэхъыщІэр зэрыдгъэгушхуэным, зэрыдуцинымрэ дытету аращ», - дыщІегъу Къэралбий.

Адэ-анэр гъуэзджэм и курыкупсэм хэтауэ, и фІыпІэр нэсу зыхащІэу щыщыткІэ, кхыщІэхьуэ щІэблэрэ дихьэх хабзэщ абы. Къэралбийрэ Зарэрэ ярпхъу нэхъыжьым бухгалтер Іэщ1агъэр кхыхихами, я щІалэр - Асльэн, «Кавказ пшэлпхъэр» ансамблым и балетмейстерщ, нэхъыщІэ Данэ «Балкарие»-къэфакІуэ гупым и пшынауэщ. КхыхэгъэщІпхъэщ, Данэ щеджэм щыгъуэ льэпкъ макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ Санкт-Петербург щеКІуэкІауэ щыта зэпеуэм (щыху 1053-рэ хэтат) и лауреат зэрыхьуар. КьинэмыщІауэ, я нысэри ильэс куэд хьуауэ «Кабардинка» ансамблым хэтщ, нэхъыжьыфІхэм я къуэ-рылъу-пхъурылъхуэхэм кьафэ гъуэзджэр я хамэхьыш. «Ди щІэблэрэ дызыгъэщхьуэрри плъапІу ди Іэри», - жаІэ зэщхьэгъусэхэм.

Зытхыжар БАГЪАТЭЫР Луизэщ

Зарэрэ Къэралбийрэ. *2013 гъэ*


Дзыхьмыщ1хэ я щІэблэр. *2007 гъэ*

Къикіуэтыну зыри хуейтэкъым

●Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм джэгуГъунтІ щыІэзэхэтащ. Нужьым щыІэзэхуэзат пащэныгъэр зэхьэзэхуэм щыІэныгъэ «ІогоВАЗ»-мрэ абы ерыщу кхыкІэлъэІэ «Бахъсэнымрэ».

БжьыпЭр зыІыгъхэм я зэпэщІэтыныгъэр гуащІэу екІуэкІащ - кхыкІуэтыну зыри хуейтэкъым. Топ тІурытІ зым адерейм щыхудигъэкІри, аращ зэрытемыІэкІуэу Бахъсэн щыІэзбгъэдэкІыжащ.

Пашэхэр зэныкъуэкъухкІэ абыхэм «Кэнжэр» къалъэщІыхьэжащ. «Шагъдийр» хигъэщІэн папщІэ, ар зы топ закъуэми иригъыуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпиону зэрыщытыр псоми къаригъэщІэжащ «Автозапчасть»-м. Абы топи 10 зэуэ щхьэлыкъуэдэсхэм яхудигъэкІащ, езым и гъуэр кьабзэу кьигъаІэри.

Нужь джэгуГъунтІым зыбжанэрэ кхыщыхэжаныкІри, гъащІхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «ІогоВАЗ»-м и пашэ Мокаевым. Ар зы топкІэ япэ ищащ «Къэбэрдеим» щыщ Жэбэтырым.

Иджы фыщыщдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым нужьу щекІуэкІа зэІуцІэхэм къарикІуэхэм. Мис ахэр: *тІощІрэ езанэ джэгуГъуэ* - **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **3:0, «Ислъэмей»** (Исльэмей) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **3:5, «ДЕР»** (Щхьэлыкъуэ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **3:5, «ІогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **7:1, «Къэбэрдей»** (Щэрэдж Ищхьэрэ) - **«СК-Союз-Сэрмакъ»** (Сэрмакъ) - **5:5, «Спартак-Д»** (Налшык) - **«ГидроЭС»** (Налшык) - **3:4, «Шагъдий»** (Налшык) - **«Къэхъуи»** (Къэхъуи) - **3:2, «Велес»** (Къэрэгъэщ) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **3:5, «Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **2:3;** *тІощІрэ етІуанэ джэгуГъуэ* - **«Эльбрус»** - **«ГидроЭС»** - **1:3, «Бахъсэн»** - **«ІогоВАЗ»** - **2:2, «Кэнжэ»** - **«Шагъдий»** - **1:0, «Тэрч»** - **«Шэджэм-2»** - **6:1, «Къэхъуи»** - **«Велес»** - **1:1, «Автозапчасть»** - **«ДЕР»** - **10:0, «СК-Союз-Сэрмакъ»** - **«Ислъэмей»** - **3:2, «Прохладнэ»** - **«Къэбэрдей»** - **4:1.**

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «ІогоВАЗ»	22	17	2	3	64-33	53
2. «Бахъсэн»	22	16	2	4	95-43	50
3. «Кэнжэ»	22	16	2	4	60-36	50
4. «ГидроЭС»	22	15	2	7	41-29	41
5. «Къэхъуи»	22	12	5	5	52-39	41
6. «Автозапчасть»	22	12	3	7	63-44	39
7. «Спартак-Д»	21	10	5	6	55-38	35
8. «Прохладнэ»	22	9	7	6	39-24	34
9. «Шэджэм-2»	22	9	4	9	44-56	31
10. «Къэбэрдей»	22	9	3	10	52-57	30
11. «Велес»	22	6	8	8	40-43	26
12. «Нарт»	21	6	5	10	34-48	23
13. «Шагъдий»	22	6	4	12	40-61	22
14. «Эльбрус»	22	6	2	14	37-54	20
15. «Ислъэмей»	22	5	5	12	41-47	20
16. «СК-Союз-Сэрмакъ»	22	5	3	14	35-68	18
17. «Тэрч»	22	5	1	16	55-82	16
18. «ДЕР»	22	2	3	17	33-78	9

●Гъэ еджэгъуэщІэр ирихьэлІэу

Школ фащэхэм хоплъэ

Гъэ еджэгъуэщІэр къоблагъэ. Егъэджакіуэхэр адэ-анэхэм я щІыгъэпІейтей Іэзэгугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ школакІуэхэм я фащэр.

ДЗЭПЛКЪУЭ щІыналъэм щхьэгъэкІуэкІа адэ-анэхэм я районпсо зэхуэсым егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Нэгумэ Лейлэ щыжиІащ дэтхэнэ зы еджакІуэм дяпэкІ школ фащэр Іэмал имыІэу щыгъэн зэрыхуейр. Кьызэхуэсахэм абы ягурыгъэІуащ еджакІуэхэр зэран хуэхьу «щыгъэн зэдзкэр» кхъэзэтрагъэувыІэну быдзу зэрамурадыр.

ЗэІущІэм ипкъ иткІэ, школ фащэхэм я гъэльэгъуэныгъэ екІуэкІащ. Абы утыку кхыщрахьащ «Тамира» ООО (Псыхуабэ), «Сан-прайс» (Армавир) фирмэхэм яда щыгъыныгъэхэр. Еджакіуэхэм я ныбжь теууэауэ зэхэмыхьэ фащэхэм я уасэри гъэбелджылат: класс нэхъыжьхэм щеджэхэм сом мини 4, ику итхэм - сом 3.700-рэ, пэщІэдзэ классхэм сом 3.500-рэ. Сабий зеинщэхэмрэ хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэмрэ я уасэм хуКІрагъэхунущ. Апхуэдэу Дзэплкъуэкъуажэ дат курыт еджапІэ №1-м пщІэнщІу ирагъэкІуэну фащэ 35-рэ. Абыхэм текІуэдэну ахъшэр кхьихэныр пщэрыпІэ щащІащ адэ-анэхэм я комитетхэм.

ЖАНХЬУЭТ Зуэз.

●Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Нэгузыужьу ирагъэкІуэкІ

Ди республикэм щынэхъыфІхэм хабжэ Дзэлыкъуэ районым щыІэ «Нэхущ пшэплъэр» гъэмахуэ лагерым и ещанэ зэблэкІыгъуэм щІидзащ. ЦІыкІуэр мыбы зэрыщыІэну зэманым хьрыубыдау я нэгу гъащІэужьынущ: мэзхэм, псыхъуэхэм яшэнущ, дыкъэзэгъуэхуэрейхь дуней и щэху куэдым щыгъуазэ хуащІынущ.

ЛАГЕРЫМ щолажьэ спортымкІэ, щІыуэпсымкІэ, Іэнщ1ащІэльэпщІэнымкІэ гупжьейхэр. Абы екІуалІэ щІыкІуэхэр хэдыкІым, пхъэибзэм хуагъасэ, спортым дихьэххэм папщІэ футбол щыджэгу губгъуэхэр, волейбол джэгуп1эхэр яІащ.

Сабийхэр лагерым кхыщыкІуэ япэ махуэхэм мафІэс къэмыгъэхъуным теухуа дерсхэр драгъэкІуэкІащ. Къищынэмыщ1ауэ, цІыкІуэхэр ирагъэпльащ художественнэ самодеятельностым хэт артист ныбжьыщІэхэм я концерт.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м ЦІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Заман», «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь», «Горянка» республикэ газетхэм, «Минги Тау», «Іуащхьмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм я редакцІэхэм я лэжьакІуэхэм гущІыхь1 ящыхьащ «Заман» газетым и кьудамэм и редактор, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь - зиІэ и лэжьакІуэ **Токумаев Хьусейн Зубер и къуэр** зэрылІар икІи абы и Іыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэ (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщмыщІ Иэз.**

КьыдзэыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, ещанІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Іуэхуэщ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ щысмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериен - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суРэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кхыщыхьа бжыгъэхэм, кхыщаІэта Іуэхуэгъэхэм я щхьагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуохьыныр я щыр дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныжьІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ягхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм ятэжьаужь: жэуап зыхь секретарым и кІуэдзэ Дышэкъ Соня, редактору Багъэтэыр Луизэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Азэмат *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІупхьэгъэгъу Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дзыгъ Мариэ, Щомахуэ Марианнэ, *суРэттхэм ятэмсыар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыраш.

Газетым Іэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.813 ● Заказ №2087